

Règleman Non-Diskriminasyon Depatman Sante Virginia

Aplikasyon

Tout travayè Depatman Sante Virginia (VDH), ki gen ladan anpliwaye klasifye, anpliwaye salarye, volontè, anpliwaye delege, estajyè, ak kontraktyèl.

Règleman sa a pa aplike pou:

- Evènman Sekirite [Règleman Evènman Sekirite 04.02.101](#) an kontwole
- Plent oswa doleyans konsènan diskriminasyon nan pratik travay ki kontwole pa [Biwo Resouzimèn \(Office of Human Resources, OHR\) #2.05 Règleman Opòtinite Travay Egal](#)
- Konduit ki kontwole selon [OHR #2.35 Règleman Sivilite nan Espas Travay la](#)

Objektif

Règleman sa a etabli yon kad pou konfòmite ak tout lwa ki aplikab konsènan diskriminasyon epi revize ak rezoud plent diskriminasyon ki gen rapò ak resevwa oswa jwenn aksè nan sèvis VDH bay yo.

Règleman

Jeneral

VDH respekte tout lwa sou dwa civil federal ak eta a ki aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasional (tankou kapasite pou pale Angllè), laj, reliyon, andikap oswa sèks. VDH pa rejte moun oswa trete yo yon fason differan akoz ras, koulè, orijin nasional (tankou kapasite pou pale Angllè), laj, reliyon, andikap, oswa sèks. VDH p ap tolere okenn zak diskriminasyon e li pran oserye nenpòt plent oswa akizasyon ke yon moun te sibi diskriminasyon nan tantativ pou resevwa sèvis sante publik oswa enfòmasyon sou baz nenpòt klasifikasyon ke lwa dwa civil federal oswa eta a pwoteje. Pou asire ke akizasyon oswa plent pou diskriminasyon resevwa atansyon rapid, VDH te etabli yon pwosedi pou revize ak rezoud plent diskriminasyon yo alè ak nan respè lwa ak règleman dwa civil federal ak eta ki aplikab yo, ansanm ak lòt règleman, pwosedi, ak kondisyon kontra VDH yo.

San Vanjans

Dapre lwa federal ak lwa eta a ki aplikab nan kesyon dwa civil, okenn travayè VDH p ap entimide, menase, fòse, oswa fè diskriminasyon kont okenn moun nan objektif pou entèfere ak nenpòt dwa oswa privilej ki garanti anba règleman federal ak eta sa yo, oswa paske moun sa a te fè yon plent, temwaye, ede, oswa patisipe nan nenpòt fason nan yon ankèt selon règleman ak pwosedi sa yo. VDH p ap tolere okenn zak vanjans. Plenyan yo ka soumèt yon doleyans si yo kwè yo te sibi vanjans nan men yon travayè VDH akoz yo depoze oswa prevwa depoze yon plent.

Règleman Non-Diskriminasyon Depatman Sante Virginia

Konfidansyalite Enfòmasyon yo

Egzistans yon Plent ak idantite Plenyan yo rete konfidansyèl eksepte nan limit ki nesesè pou mennen ankèt sou plent lan oswa pou reponn a demann ajans federal oswa eta a ki otorize pou resevwa enfòmasyon sa yo. Menm jan an tou, rezulta ankèt la ak desizyon sou doleyans la konfidansyèl epi yo pral difize yo sèlman si lalwa egzije sa.

Plent

Si yon moun kwè ke VDH te fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal (ki gen ladan kapasite pou pale Anglè), laj, reliyion, andikap, sèks, oswa nenpòt lòt klasifikasyon ki pwoteje anba lwa dwa sivil federal oswa eta a, moun nan gen dwa pou soumèt yon Plent bay VDH epi fè plent sa a revize epi rezoud alè selon Pwosedi Plent sou Diskriminasyon yo. Plent yo dwe depoze nan lespas 90 jou apati dat diskriminasyon ki ta sanble fèt.

Yo ka depoze plent nan VDH atravè mwayen sa yo:

- Lapòs: Pou Atansyon: Kowòdonatè Non-Diskriminasyon, VDH, 109 Governor St., Richmond, VA 23219
- Imel: Civil_Rights@VDH.Virginia.gov
- Sou entènèt: <https://redcap.link/VDHComplaint>
- Telefòn: (804) 864-914-2770 (TTY: 1-800-828-1120)
- Faks: (804) 864-7022

Plenyan yo kapab depoze tou yon plent dirèkteman nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (HHS), Biwo Dwa Sivil (Office for Civil Rights, OCR).

- Sou entènèt: <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>
- Sèvis Lapòs/Livrezon: Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Hubert H. Humphry Building 200 Independence Avenue, SW, Sal 509F, Washington, D.C. 20201
- Telefòn: 1-800-368-1019 (TDD: 800-537-7697)

Fòmilè plent yo disponib nan <http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.

Se OCR k ap envestige plent yo depoze atravè OCR yo, se pa VDH k ap mennen ankèt sou yo. OCR gen pwòp règleman ak pwosedi l.

Règleman Non-Diskriminasyon Depatman Sante Virginia

Règleman, Pwosedi, ak/oswa Resous ki gen rapò yo

01.01.150 P - Pwosedi pou Plent sou Diskriminasyon

Fòmilè Plent sou Diskriminasyon VDH

[01.06.103 Kòd Etik](#)

[Lwa ak Règleman OCR Fè Aplike](#)

[Apèsi sou Lwa Hill-Burton](#)

[Biwo pou Dwa Sivil "Konnen Dwa W Kont Diskriminasyon!" Fèy Enfòmasyon](#)

Apwobasyon Règleman

Moun ki Fè Revizyon an: _____ Dat _____

Joseph Hilbert

Komisyonè Adjwen pou Zafè Gouvènmantal ak Règleman

Moun ki Bay Apwobasyon an: _____ Dat _____

Karen Shelton, MD

Komisyonè Sante Eta a

Kontak:

Non Kontak: Cameron Moore

Tit Kontak, Biwo/Divizyon Kontak: Kowòdonatè Non-Diskriminasyon, Biwo Komisyonè a

Imel Kontak: Cameron.moore@vdh.virginia.gov

Nimewo Telefòn Kontak: 804-914-2770

Règleman Non-Diskriminasyon Depatman Sante Virginia

Istwa Règleman

| DAT APLIKASYON | DESKRIPSYON |
|----------------|------------------|
| 11/01/2023 | Règleman etabli. |
| | |